ZIMSEC

For Performance Measurement

ADVANCED LEVEL

LITERATURE IN SHONA

6007/01

NOVEMBER 2022

EXAMINER REPORT

NHANGANYAYA

Chinyorwa chino chiri kutarisa zvakabuda mukukwenywa kwebvunzo maererano nekupindurwa kwakaitwa bvunzo ra2022 nevakanyora bvunzo iri

ONGORORORO YEBVUNZO ROSE

Bepa rebvunzo rakaitwa zviri nane nevanyori vebvunzo vakawanda . Vanyori vebvunzo vakawanda vakakwanisa kutsanangura zvakakosha zvinotarisirwa nemibvunzo yakasiyana-siyana .

Kupindurwa kwemibvunzo kwairatidza umbowo hwetsvagurudzo yeruzivo nevanyori vebvunzo. Vanyori vebvunzo vakakwanisa kupindura mibvunzo miviri muchikamu A nemumwe chete muchikamu B sezvaitarisirwa.

ONGORORO YEMUBVUNZO MUMWE NEMUMWE

MUBVUNZO 1

Nyora mhenenguro yedetembo iri wakatarisa manzwiro emudetembi pamusoro pekuparadzwa kwenharaunda (35)

ZVAITARISIRWA

Vanyori vebvunzo vaitarisirwa kuburitsa pfungwa dzakasiyana-siyana pamusoro pekuparadzwa kwenharaunda nemoto .Pfungwa shanu zvichikwira ndidzo dzaitarisirwa ,pfungwa imwe iine zvibodzwa zviviri

Vanyori vebvunzo vaifanira kuburitsa kuti nharaunda iri kuparadzwa nemoto .

Paifanirwa kubudiswa zvinoumba nharaunda iri kuparadzwa nemoto zvinova a)masango b)shiri c)zvose zvinokambaira d)mhuka dzesango e)miti f)makomo/matombo g)uswa h)vanhu

Pfungwa dzakawanda dzaifanirwa kubudiswa seizvi:

Nyanduri anobudisa kuparadzwa kweshiri nekuda kwemoto uyo unenge watungidzwa musango.Izvi zvinobuda panonzi,"Ndichisiya ndadziparadza shiri,manyana nemazai"

Nyanduri anoburitsa kuparadzwa kwemasango nemoto panonzi, “Ndinoiriga miti, uku mashizha…”

Kuparadzwa kwenharaunda kunotarisirwa kubuda kuchikonzerwa nemoto.Hongu nyanduri ari kudetemba achiita sekunge ndiwo moto uri kudetemba asi iri rinongova izwi ranyanduri, chiri chidavado chiri kujekesa kukanganisika kwenharaunda.Zvidavado zvaibudiswa nevanyori nebatsiro yazvo zvaifanira kuenderana nekuparadzwa kwenharaunda.Chidavado chaitsanangurwa chichibudisa pfungwa yekuparadzwa kwenharaunda yabuda pachashandiswa.

Ongororo yezvakaitwa nevanyori vebvunzo

Vazhinji Havana kunyatsobudisa kuti nharaunda iri kukanganiswa nemoto.Kungobudisa kuti iri kukanganiswa pasina kutaurwa zvemoto kuita musiyapaduku sekuti , “ Matombo ari kutsemuka” pavaifanira kuti, “Matombo ari kutsemuka nekuda kwemoto.”Vazhinji havana kukwanisa kupa musiyano pakati pemudetembi (munyori wenhetembo) neizwi ranyanduri riri munhetembo rinova moto. Zvidavado zvakapiwa zvemhando dzakasiyana-siyana asi pane kukanganiswa kwaivapo pazvidavado zvinotevera :

a) Nyaudzosingwi tunge-e yonzi hwevazwi

b) Pfekedzaumhuka "Uswa ndiwoka angu mapapiro" kwete pfekedzaunhu

Mienzaniso yemapirwe ezvidavado

Mudetembi akashandisa gudziramukanwa sepaanoti,"Ndinoiriga miti ,uku mashizha achirira nekuungudza".Izvi zvinosimbisa kushungurudzika kwemudetembi nekuparadzwa kwemiti zvese nemashizha apo zvinenge zvichipiswa nemoto.Manzwiro emudetembi abudiswa pakanzi anoshungurudzika.Panokwanisa kunzi kushushikana kana kurwadziwa. Vanyori vebvunzo vaitarisirwa kuburitsa zvidavado gumi nezvitatu zvine mienzaniso nemanzwiro acho sezvaratidzwa pamusoro

MUBVUNZO 2

Mutauro nemaitiro zvakashandiswa nemunyori zvinoburitsa sei makakatanwa ari munyaya? (35)

Zvaitarisirwa pakupindura mubvunzo

Vanyori vebvunzo vaitarisirwa kupa makakatanwa aripo sokuti:

VaChingweru naMonica havasi kuwirirana pamusoro pekuti Monica anoti mai vake vasatuke Tendai asi VaChingweru vanoramba vachiti havanyararidzwe nemwana.

VaChingweru naMushayazano vane makakatanwa pakuti VaChingweru havadi kuti vana vaTendai vauye kumba kwavo asi VaMushayazano vanoti ngavauye .Izvi zvinobuda panonzi naVaChingweru,"Kuuya kupi?Ndichiunzirwa varoyi kumusha ndichiti chii?"

Mhinduro dzimwe dzevanyori vebvunzo dzaibata divi rimwe remutauro wakashandiswa, posiyiwa maitiro evatambi zvinova zvinopikisana nemibvunzo.

Mhosho

1) Chivhumudhara kutorwa riri zita remunhu pachinzvimbo chenzvimbo.

2) Monica onzi ndiye ainzi pfambi asi ari Tendai.

3) Achikwenya mhino nekasiyanwa itsumo iri riri dimikira

4) Babawee yonzi hwevavara iyo iri hwevazwi.

5) "Nda-----nda-----ndanga haisi nhimuraizwi asi kuti maitiro ekundandama

6) Pachinzvimbo chekubuditsa makakatanwa vamwe vaibuditsa madingindira anoti shanje, kupopota,

kurohwa nemamwe

Mienzaniso yemapirwo ezvidavado

Munyori akashandisa mubvunzonhando panonzi naVaChingweru, "Kuuya kupi?" kujekesa kusada kwavo kuti vazukuru vavashanyire.

VaMushayazano vanoshandisa mutauro wekutuka pavanoti, "Ndati inzwa iwe mbudzi" kujekesa kusawirirana nepfungwa yaVaChingweru yekusada kuti Tendai auye pamba.

MUBVUNZO 3

Munyori akashandisa unyanzvi hupi hwekunyora mutambo kuburitsa nyaya inosuwisa (35)

Zvaitarisirwa

Kutsanangura zvinosuwisa zvinobuda mutambo kwete kungorondedzera zviitiko zvemumutambo

Vanyori vebvunzo vaitarisirwa kuburitsa zvinosuwisa zvishanu nekutapa pazvinobuda kuti vawane zvibodzwa gumi sokuti:

Kunonoka kweambulance kuuya iye Jangano achirwarisa.Izvi zvinobuda panonzi, "Iyo ambulance yacho yaita sei chaizvo!"

Kugomera nekuchema kunoita Jangano zvinosuwisa sepanonzi, "Anogomera ochema"

Kutsvinyirwa kunoitwa Jangano naTendai uku Jangano ari kurwara zvinosuwisa sepanonzi, "Kuteta ndiko kunokunetsai baba imi."

Zvidavado

Izwi rekuti unyanzvi rinoreva nzira /zvidavado/mitoo yakashandiswa nemunyori

Manyorero anotarisirwa ndeekuti:Munyori akashandisa mucherechedzo sepaanoti,"Asi hauzi kuona kuti zuva rave kunyura" Izvi zvinojekesa kufa kwange kwave pedo kwaJangano izvo zvinosuwisa.

Maitiro aJangano ekumbonyarara, oshama n'ai ozogomera zvinobuditsa kurwara kwakanyanyisa kwaJangano uyo ava pedo nekufa izvo zvinosuwisa.

Munyori akashandisa chikuwo sepaanoti, “Rudo, Rudo kani!” kusimbisa kurwadziwa kwaJangano nekufa achisiya vana vachiri vadiki.

Mhosho dzaiitwa pamubvunzo

a) Kungotsanangura zviri mumutambo pasina kuratidza zvinosuwisa zvacho.

b) Zvidavado zvemaitiro evatambi zvinofanirwa kunyorwa zvichipedzeredzwa kwete kusiirira mamwe mashoko sokuti:

Tendai anoridza tsamwa odzungudza musoro kwete kuti Tendai anoridza tsamwa

Rudo anochema kupinda nguva dzose kwete kuti Rudo anochema

c) Kuti ambulance chonzi chidavado chemutauro wechirungu zvisiri izvo

d) Vanyori vebvunzo vainyora kuti nyanduri pamuiti panzvimbo yekuti munyori. Nyanduri ndewekunhetembo.

e) Kuvhiringidza enzaniso nefananidzo sokuti “Upenyu isango” zvonzi ifananidzo iyo iri enzaniso

Vanyori vebvunzo vaitarisirwa kunyora zvidavado gumi nezvitatu zvine mienzaniso netsananguro yechidavado

CHIKAMU B RUZIVO RWEVASHONA RWENHAKA YEMUSIYIDZANWA

M'baiwa: Zvirevo zvaVaShona

4) Kushandisa maoko ndiwo musimboti weupenyu hwanhasi. Tsigira pfungwa iyi netsumo gumi dzinowanikwa mubhuku iri. (30)

Zvaitarisirwa pamubvunzo uyu

a) Kudoma tsumo gumi dzinozadzisa pfungwa yekuti kushandisa maoko ndiwo musimboti weupenyu hwanhasi.Kushandisa maoko kushanda nesimba ,kusevenza ,kushanda munhu asingaiti usimbe .Mushure mekupa tsumo panotarisirwa kupa tsananguro dzinodudzira tsumo dzacho.

b) Tsumo dzasarudzwa kubva mubhuku ngadzipihwe sezvadziri mubhuku .Munyori webvunzo akangosandurudza zvinenge zvakanganisa tsumo dzacho.Tsananguro dzinopiwa semazivire anoita munhu .Kuverenga bhuku nekunyatsoriziva nemazvo zvinhu zvinotarisirwa

Mapirwo ezvibodzwa

Kudoma tsumo (2)

Kutsanangura tsumo (1)

Muenzaniso

Ndinofa ndaedza kutumbura nzou

Munhu rega kuti basa iri rakaoma zvokuti handigone kuriita iwe usati wamboedza.

Mubvuzo uyu wakapindurwa nevashoma avo vaitadza kupa tsumo sezvadziri mubhuku. Vaitadzazve kutsanangura kuti kushandisa maoko kudini.

5) Sarudza ngano nhanhatu kubva mungano dzawakanzi uverenge dzinozadzisa pfungwa yekuti munyangadzi anozorangwa pakupedzisira (30)

Zvaitarisirwa nemibvunzo uyu

1) Kubuditsa unyangadzi hwacho pekutanga.Unyangadzi uipi hunoitwa nemutambi husingayemuriki muupenyu. (Chibodzwa 1)

2) Kupa chirango chacho nepapfupi. (1)

3) Kupa zita rengano munowanikwa unyangadzi. Zita rengano rinofanirwa kupiwa sezvariri mubhuku rengano sokutiTsuro naBveni kwete kuti Tsuro naGudo (1)

4) Rondorodzo yengano inopiwa pachibuda pfungwa huru dzemungano yacho kubva kumavambo kusvika pekupedzisira .Zviitiko hazvifanirwi kunyepiwa nekuti haizobuditsi zvakanyatsoitika zvacho.(2)

Muenzaniso:

Unyangadzi- kuba (1)

Chirango- kufa (1)

Ngano- Tsuro naNzou (1)

Kunyora pfupiso yengano (2)

Zvakakanganiswa pamubvunzo uyu

a) Misoro yengano yaikanganiswa nevazhinji.Pachinzvimbo chekuti Mhembwe naShumba-mapfumo inongonzi Mhembwe naShumba.Musikana neshato yonzi Musikana nenyoka.

b) Kusapa zviitiko sezvazviri. Semungano Mhembwe naShumba-mapfumo, Mhembwe inonzi yakadyirwa vana vatatu asi chokwadi ndechekuti vaviri. Mungano Tsuro naNzou, chakatanga kunzwikwa naNzou kazwi kadikidiki ndokubva amedza nhanga kwete kuti akamedza nhanga ndokuzonzwa kazwi kadikidiki.

c) Kupa ngano dzisina unyangadzi nechirango.Izvi zvaishayisa zvibozwa. Haisi nyaya yekungonyora chero ngano asi kuona kuti inopindura zvabvunzwa here.

6a) Rondorodza zvinobuda pamusambo wechisahwira sekuburitswa kwazvinoitwa mubhuku Shona Registers Volume 1(20)

b) Buritsa zvava kukanganisa chisahwira mazuva ano (10)

a) Zvaitarisirwa pakupindurwa kwemubvunzo uyu

Kubuditsa zvinowanikwa pachisahwira semabudisirwe azvakaitwa muShona Registers Vol 1 kwete semazivire anoita munyori webvunzo, zvingava zvinoitika munharaunda make. Zviri mubhuku ndizvo zvinodiwa sokuti:

Musambo wechisahwira inowanikwa uchikosha pakubatsirana parufu.

Chisahwira chaiduriranwa/ kubudiranwa pachena. Izvi zvinobuda panonzi nasahwira, "Iwe uri muroyi "iye achitovawo muroyi zvechokwadi asi hapana mhosva yaiparwa nasahwira. Mapinduriro aya anonyatsobuditsa umbowo huri mubhuku kwete kuita zvekufungidzira

Mapirwo ezvibodzwa

Kupa pfungwa ine chekuita nechisahwira1)

Kutsigira pfungwa yacho (1)

Pakutsigira munyori webvunzo aifanira kupa zvakatsananangurwa mubhuku. Paidiwa pfungwa gumi.

Pa 9b) munyori webvunzo ainge akasununguka kupa pfungwa dzezvaanoziva maererano nezvava kukanganisa chisahwira.

Pfungwa yapiwa (1)

Kuzoitsanangura (1)

Muenzaniso

Kwava nemasangano ekuviga vanhu.Masangano akaita sanaDoves, First Funeral ava kuita basa rekuviga vanhu izvo zvatora chinzvimbo chasahwira uyo ainge akakosha pakubatsira kuviga sahwira wake.

Paidiwa pfungwa shanu.

Zvakakanganiswa pamubvunzo

Kutsanangura chisahwira semazivire avanoita vasingarerekeri kubhuku Shona Registers Volume 1.Izvi zvakaita kuti vazhinji varasikirwe nezvibodzwa

Pa (b) vamwe vanyori vebvunzo vaidzokorora pfungwa imwe chete .

Vamwe vaivhiringidza chisahwira nechishamwari asi iyi misambo yakatosiyana.

MHEDZISO

Chinyorwa chiri pamusoro chinofanira kubatsira vadzidzi nevadzidzisi pamapindurirwo emibvunzo yeuvaranomwe padanho reA level. Vadzidzi vanokurudzirwa kugadzirira bvunzo nekuzvipa mukana wekupindura mibvunzo yakawanda. Mukupindura mibvunzo ndimo munodzidzwa zvidavado zvakawanda kuongororo neyemuro. Mibvunzo ngaiverengwe ichinzwisiswa zvinobatsira kuti mhinduro dzinangane nezvabvunzwa. Ngano ngadziverengwe kuti pfupiso dzibude zvakanaka mumhinduro pasina kusiiririra kana kupamhidzira zvisimo mubhuku. Tsigiro ngadzitorwe mumabhuku akapiwa kuti averengwe pabumbiro kumisambo nezvirevo.